

(CCPS Notice of Parent/Student Rights Afforded by Section 504 of the Rehabilitation Act for 1973)

(Haitian Creole)

**AVI SOU DWA PARAN/ELÈV YO GENYEN SWIVAN SEKSYON 504
ATIK SOU REYABILITASYON POU ANE 1973 LA**

Sa ki ekri la yo se yon deskripsyon sou dwa La Lwa Federal yo agreye elèv ki gen defisyans yo. Entansyon lwa-a se pou ka pèmèt ou byen enfòmè sou desizyon yo ap pran pou piti ou-a epi enfòmè ou sou dwa ou genyen pou-w pwononse ou kont nenpòt nan desizyon sa yo.

Ou gen dwa pou-w:

- fè pitit ou-a patisipe, epi resevwa avantaj li bezwen, nan pwogram edikasyon piblik yo san diskriminasyon akòz limitasyon fonksyonèl li.
- fè distri lekòl la avize ou sou tout dwa ou genyen nan Lwa Federal la.
- resevwa avi ki pale de fason yo ideatifye, evalye oubyen plase pitit ou-a nan yon pwogram.
- fè pitit ou-a resevwa yon edikasyon piblik apwopriye ki gratis.
- fè pitit ou-a resevwa sèvis e pou li pran pen lenstriksyon nan andwa ki konparab avèk lòt andwa yo akeyi timoun ki pa gen defisyans yo.
- fè ke desizyon yo pran nan evaliyasyon, edikasyon, ak plasman timoun nan, se bagay ki baze sou divès sous enfòmasyon e ke yo soti bò kote moun ki konnen elèv la e ki gen konesans nan done evaliyasyon ak opsyon pou plasman elèv la.
- fè yo bay transpòtasyon pou vin chèche epi mennen timoun nan tounen nan yon plasman altènatif (si kote li ale-a se nan yonpwogram distri-a pa opere) epi ou pap peye plis kòb pou sa ke depans ou te ka fè si elèv la te plase nan yonpwogram distri-a opere.
- veye pou yo bay pitit ou-a yon opòtinite egal pou li patisipe nan aktivite ki pa akademik ak aktivite andeyò pwogram edikasyon yo ke distri-a ofri.
- ekzamine tout dosye ki aplikab yo nan desizyon ki gen rapò avèk idantifikasyon, evaliyasyon ak plasman elèv ou-a.
- mande yon mediyasyon oubyen yon pwosè enpasyal ki gen rapò ak desizyon oubyen aksyon ki konsène idantifikasyon, evaliyasyon, pwogram edikasyon, oubyen plasman elèv ou-a. Ou menm avèk pitit ou-a kapab patisipe nan pwosè-a epi pran yon avoka pou reprezante ou. Demand pou pwosè dwe prezante pa ekri devan Kowòdinatè 504 Distri, jan sa idantifye pi ba-a. depoze yon plent lokal.
- Si gen soulajman ki ap chèche anba Seksyon 504/Tit II ki disponib tou anba IDEA, donk jijman an pral pwosede anba pwosedi IDEA pou kapab pèmèt revandikasyon yo fèt an akò avèk la lwa federal.

LEKÒL PIBLIK COLLIER COUNTY YO SE YON ENSTITISYON KI BAY AKSÈ EGAL/ OPÒTINITE EGAL POU EDIKASYON AK TRAVA

Ou kapab kontakte Supervisor 504 Distri Lekòl Collier County yo, Dr. Dena Landry, nan 5775 Osceola Trail, Naples, Florida 34109-0919. Telefòn (239) 377-0521 – Fax (239) 377-0526